Khutbah Idul Fitri 1434 H: Fithrah Menungsa Harmoni kanthi Cinta

Rubrik: Khutbah Idul Fitri | Oleh: H. Muhith Muhammad Ishaq, Lc. MPdI - 02/08/13

اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ   اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ لا إِلَهَ إِلا اللَّهُ، وَاللَّهُ أَكْبَرُ   اللَّهُ أَكْبَرُ وَلِلَّهِ الْحَمْدُ".

الْحَمْدُ للهِ غَافِرِ الذُّنُوْبِ، وَكَاشِفِ الْكُرُوْبِ، وَسَاتِرِ الْعُيُوْبِ، وَقَابِلِ التَّوْبِ، أَحْمَدُهُ وَأَشْكُرُهُ وَأَسْتَغْفِرُهُ، وَاَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيْكَ لَهُ عَلَّامُ الْغُيُوْبِ، وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّداً صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ عَبْدُهُ وَرَسُوْلُهُ، وَصَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ، صَلَاةً دَائِمَةً عَدَدَ مَا خَلَقَ اللهُ، تُنْجِي قَائِلَهَا مِنْ كُلِّ مَرْهُوْبٍ، وَتُنِيْلُهُ بِهَا كُلَّ مَحْبُوْبٍ وَمَرْغُوْبٍ، وَسَلِّمْ تَسْلِيْمًا وَتَعْظِيْمًا أَبَدًا دَائِماً .أما بعد: أُوصِيْكُمْ وَإِيَّايَ بِتَقْوَاللهِ وَطَاعَتِهِ وَتَمَسَّكُوْا بِدِيْنِهِ وَشَرِيْعَتِهِ فَقَدْ فَازَ الْمُتَّقُوْنَ. قال الله تعالى في كتابه الكريم: وَلَقَدْ كَرَّمْنَا بَنِي آدَمَ وَحَمَلْنَاهُمْ فِي الْبَرِّ وَالْبَحْرِ وَرَزَقْنَاهُمْ مِنَ الطَّيِّبَاتِ وَفَضَّلْنَاهُمْ عَلَى كَثِيرٍ مِمَّنْ خَلَقْنَا تَفْضِيلًا

Ma'asyiral Muslimin ingkang dipun muliaken Allah

dakwatuna.com – Enjing punika kita ngunjukaken puji miwah syukur dumateng ngarsanipun Allah awit karunia saha nikmat ingkang ageng sanget, lan syukur kita dinten punika kita raosaken langkung bermakna amargi sampun setunggal wulan kita nindakaken siyam Ramadhan, setunggal saking gangsal pilar agami Islam. Mila kanthi Ngumandangaken ***takbir*** (Allahu Akbar, namung Allah Ingkang Maha Ageng), saha kalimat ***tahlil*** (laa ilaaha illallah, mboten wonten Gusti ingkang layak dipun sembah kejawi Allah), ugi kalimat ***tahmid*** (alhamdulillah, sedaya puji punika kagunganipun Allah). Kita tansah syukuri sedaya nikmat punika lan tansah nyuwun supadhos Allah paring tambah nikmat ingkang langkung kathah dumateng kita sami, kangge kesaenan gesang wonten ing dunia lan akhirat
Shalawat saha salam mugi tansah kunjuk dumateng Rasulullah saw, ugi dumateng keluarganipun, para sahabatipun, lan ugi pendherekipun ingkang tansah ngedekaken agami Islam ngantos dumugi dinten kiamat.

لا إِلَهَ إِلا اللَّهُ ، وَاللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ وَلِلَّهِ الْحَمْدُ

Ma'asyiral Muslimin ingkang dipun muliaken Allah
Kumandang takbir Idul fitri dinten punika mugi-mugi ngemutaken kita minangka menungsa makhluk ciptaanipun Allah. Makhluk ingkang sampun Allah paringi kathah sanget kelebihan, keunggulan, lan kemuliaan ugi keterbatasan-keterbatasan. Pramila kangge mantapaken raos syukur kita, kita kedah mangertosi makna fitrah kelahiran kita, fitrah kelahiran saben insan ing dunia punika,
Ma'asyiral Muslimin rahimakumullah
Kita mboten dipun lahiraken wonten dunia punika tanpa raos *mawaddah warahmah* utawi *mahabbah warahmah,* cinta lan kasih sayang. Kita lahir amargi cinta lan kasih sayang saking ibu lan bapak kita. Kita lahir kanthi kasih sayang tiyang sepah kita kekalih lan kelahiran kita disambut kanthi kasih sayang keluarga, para sedherek lan masyarakat kita.

Pramila kita lahir kanthi mbetha misi *rahmatan lilalamin*. Kita lahir kangge nyebar kasih sayang dhumateng sedaya umat menungsa, ugi sedaya makhluk ciptaanipun Allah Ingkang Maha Kuwaos. Kita mencintai tiyang sepah, mencintai keluarga, mencintai kerabat lan sanak sedherek, mencintai para tetanggi, mencintai sedaya lapisan bangsa, ugi sedaya menungsa. Kita lahir kanthi mbetha *mahabbah warahmah.*
Namung kanthi godaan lan pengaruh syethan kemawon menungsa kecalan fitrahipun, dadhos makhluk ingkang tanpa cinta, pembenci, pendengki, pendendam dhumateng sesaminipun menungsa. Kados pangandikanipun Allah:

إِنَّمَا يُرِيدُ الشَّيْطَانُ أَنْ يُوقِعَ بَيْنَكُمُ الْعَدَاوَةَ وَالْبَغْضَاءَ فِي الْخَمْرِ وَالْمَيْسِرِ وَيَصُدَّكُمْ عَنْ ذِكْرِ اللَّهِ وَعَنِ الصَّلَاةِ فَهَلْ أَنْتُمْ مُنْتَهُونَ المائدة : 91

Saktemene syaitan iku pingin nuwuhake permusuhan lan kebencian ing antaraning sira lantaran (ngombe) khamar lan judi, uga ngedhangi sira saka eling marang Allah lan sembahyang; Mula mandeko sira (saka nglakoni tumindak iku). (QS. Al Maidah: 91)

Ma'asyiral Muslimin ingkang dipun muliaken Allah
Kanthi modal kasih sayang lan cinta dhumateng sesami punika, kita ngajeng-ajeng pikantuk kasih sayang Allah wonten ing saben gerak, langkah lan pagesangan kita. Kados pangandikanipun Rasulullah-shallallahu alaihi wasallam:

الرَّاحِمُونَ يَرْحَمُهُمُ الرَّحْمَنُ ارْحَمُوا مَنْ فِي الْأَرْضِ يَرْحَمْكُمْ مَنْ فِي السَّمَاء سنن الترمذي

Wong-wong kang padha nyayangi iku bakal disayangi Sing Maha Penyayang. Padha sayango marang kang ana neng bumi mula sing ana langit bakal sayang marang sira. (HR. At Tirmidzi)

Ma'asyiral Muslimin ingkang dipun muliaken Allah
Kanthi fitrah lan kelahiran ingkang kebak kanthi cinta punika kita pikantuk kehormatan lan kemuliaan, kanthi kemuliaan lan kehormatan ingkang mboten dipun paringaken dhumateng makhluk kejawi menungsa.

وَلَقَدْ كَرَّمْنَا بَنِي آدَمَ وَحَمَلْنَاهُمْ فِي الْبَرِّ وَالْبَحْرِ وَرَزَقْنَاهُمْ مِنَ الطَّيِّبَاتِ وَفَضَّلْنَاهُمْ عَلَى كَثِيرٍ مِمَّنْ خَلَقْنَا تَفْضِيلًا

"….lan Saktemene wis Ingsun muliakne anak-anak Adam, Ingsung angkut kang ana daratan lan ana lautan], Ingsun paringi rezki saka kang apik-apik lan Ingsun luwihne wong-wong iku kanthi keluwihan kang sampurna sak duwure akeh-akehe makhluk kang wis Ingsung ciptakne". (Al-Isra: 70)

Allah subhanahu wata'ala ingkang nggadahi kehormatan hakiki, sampun paring kemuliaan tumrap kita –kaum mukminin- dipun inggilaken saking sedaya makhluk sanes ingkang dipun ciptaaken Allah.

وَلِلَّهِ الْعِزَّةُ وَلِرَسُولِهِ وَلِلْمُؤْمِنِينَ وَلَكِنَّ الْمُنَافِقِينَ لَا يَعْلَمُونَ [المنافقون : 8]

Kamangka izzah (kehormatan) iku mung kanggo Allah, kanggo Rasul utusane Allah lan kanggo wong-wong mukmin, nanging wong-wong munafik iku ora mangerteni. (Qs Munafiqun 8)

Kita lahir kanthi kehormatan lan kemuliaan, pramila sak sampunipun kita diparingi kehormatan lan kemuliaan saking Allah, kita mboten diparengaken menempatkan

diri kita wonten posisi ingkang lemah lan hina, amargi kita sampun lahir kanthi kehormatan lan kemuliaan sak sampunipun kita lahir kanthi cinta lan kasih sayang.

Ma'asyiral Muslimin ingkang dipun muliaken Allah

Gesang kita wonten ing di dunia punika kangge mbangun kehormatan lan kemuliaan umat, bangsa tuwin negari sarta kemenungsaan sedayanipun. Kita dipun lahiraken wonten ing dunia kanthi ngemban amanah lan mikul tanggung jawab. Kita lahir kanthi mbetha misi ibadah lan tugas kekhilafahan ing dunia punika.

وَمَا خَلَقْتُ الْجِنَّ وَالْإِنْسَ إِلَّا لِيَعْبُدُونِ

Lan Ingsun ora nyiptakake jin lan menungsa kajaba supaya ngabdi marang Ingsun. (QS Adz-Dzariyat: 56)

{وَإِذْ قَالَ رَبُّكَ لِلْمَلَائِكَةِ إِنِّي جَاعِلٌ فِي الْأَرْضِ خَلِيفَةً قَالُوا أَتَجْعَلُ فِيهَا مَنْ يُفْسِدُ فِيهَا وَيَسْفِكُ الدِّمَاءَ وَنَحْنُ نُسَبِّحُ بِحَمْدِكَ وَنُقَدِّسُ لَكَ قَالَ إِنِّي أَعْلَمُ مَا لَا تَعْلَمُونَ} [البقرة : 30]

"Padha elinga rikala Gustimu ngendika marang para Malaikat: "Saktemene Aku bakal ndadhekake khalifah ana ing bumi." Para Malaikat padha jawab: "Kenging punaka Panjenengan badhe dadhosaken (khalifah) wonten ing bumi punika tiyang ingkang badhe damel kerusakan wonten ing bumi saha badhe numpahaken darah, kamangka kita para Malaikat punika tansah tasbih kanthi memuji Panjenengan lan nyucikaken Panjenengan?" Gusti ngendika: "Saktemene aku mangerteni apa kang ora sira ngerteni." (Qs. Al-Baqarah: 30)

Ma'asyiral Muslimin ingkang dipun muliaken Allah

Kita lahir sampun kanthi ngemban amanah lan mikul tanggung jawab ingkang sakderengipun sampun dipun tawaraken dening Allah SWT dumateng makhluk-makhlukipun ingkang sanes :

إِنَّا عَرَضْنَا الْأَمَانَةَ عَلَى السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ وَالْجِبَالِ فَأَبَيْنَ أَنْ يَحْمِلْنَهَا وَأَشْفَقْنَ مِنْهَا وَحَمَلَهَا الْإِنْسَانُ إِنَّهُ كَانَ ظَلُومًا جَهُولًا

Saktemene Ingsun wis paring amanat marang langit, bumi lan gunung-gunung, ning kabeh ora sanggup mikul amanat iku lan khawatir bakal khianat, lan amanat iku dipikul marang menungsa. Saktemene menungsa iku banget anggone zhalim lan bodho. (Qs. Al Ahzab 72)

Amanah lan tanggung jawab punika ingkang badhe nginggilaken derajat kaum mukminin wonten ing ngarsanipun Allah, lan wonten ing wekdal ingkang sami amanah lan tanggung jawab punika ndadhosaken malapetaka tumrap kaum munafik lan orang-orang musyrik.

لِيُعَذِّبَ اللَّهُ الْمُنَافِقِينَ وَالْمُنَافِقَاتِ وَالْمُشْرِكِينَ وَالْمُشْرِكَاتِ وَيَتُوبَ اللَّهُ عَلَى الْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَكَانَ اللَّهُ غَفُورًا رَحِيمًا

Sahingga Allah paring azab wong-wong munafik lanang lan wadhon lan wong-wong musyrikin lanang lan wadhon; lan sahingga Allah nampa taubat wong-wong mukmin lanang lan wadhon. Lan Allah Maha Pengampun uga Maha Penyayang. (QS. Al Ahzab: 73)

Minangka pengemban amanah lan tanggung jawab wonteng ing bumi menika mila sedaya gerak, ibadah, tindakan lan ucapan kita badhe dituntut

pertanggungjawabipun dening Allah SWT, *inna sam’a wal bashoro wal fuadakullun ulaika kana anhu masula*:

وَلَا تَقْفُ مَا لَيْسَ لَكَ بِهِ عِلْمٌ إِنَّ السَّمْعَ وَالْبَصَرَ وَالْفُؤَادَ كُلُّ أُولَئِكَ كَانَ عَنْهُ مَسْئُولًا

*Lan ojo nganti sira melu apa kang sira ora duweni pengertinan. Saktemene pangrungon, pandheleng lan ati, kabeh iku bakal dijaluki pertanggungan jawaban. (*QS. Al Isra: 36)

Pramila kita kedah nyadari bilih kita mboten saged khianat dumateng amanah ingkang kita emban lan tanggung jawab ingkang kita pikul punika :

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا لَا تَخُونُوا اللَّهَ وَالرَّسُولَ وَتَخُونُوا أَمَانَاتِكُمْ وَأَنْتُمْ تَعْلَمُونَ

“Hai wong-wong kang padha iman, ojo nganti sira khianat marang Allah lan Rasul (Muhammad) lan (uga) ojo nganti sira khianat marang amanat-amanat kang diparingake marang sliramu, lan sira mangerteni. (Qs. Al-Anfal: 27)

Ma’asyiral Muslimin ingkang dipun muliaken Allah
Kejawi fitrah cinta lan amanah dados makhluk ingkang nggadahi tugas makmuraken bumi punika, fitrah pagesangan negesaken wontenipun perbedaan ing antawisipun menungsa. wonten perbedaan suku bangsa, perbedaan bahasa, perbedaan warna kulit, perbedaan rizki, wonten mustahiq wonten muzakki, wonten ingkang kiat ugi wonten ingkang lemah, lan taksih kathah sanes perbedaan ingkang mboten saged kaetung jumlahipun.

يَا أَيُّهَا النَّاسُ إِنَّا خَلَقْنَاكُمْ مِنْ ذَكَرٍ وَأُنْثَى وَجَعَلْنَاكُمْ شُعُوبًا وَقَبَائِلَ لِتَعَارَفُوا إِنَّ أَكْرَمَكُمْ عِنْدَ اللَّهِ
أَتْقَاكُمْ إِنَّ اللَّهَ عَلِيمٌ خَبِيرٌ [الحجرات : 13]

*Hai menungsa, Saktemene Ingsun nyiptakake sira saka sakwijine menungsa lanang lan wadhon lan ndhadhekake sira berbangsa – bangsa lan bersuku-suku supaya sira saling ngenal. Saktemene wong kang paling mulia ing antarane sira ana ing ngarsa Allah yaiku wong kang paling taqwa ing antaraning sira. Saktemene Allah Maha Mangerteni uga Maha Ngenal. (*QS. Al Hujurat: 13)

وَمِنْ آيَاتِهِ خَلْقُ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ وَاخْتِلَافُ أَلْسِنَتِكُمْ وَأَلْوَانِكُمْ إِنَّ فِي ذَلِكَ لَآيَاتٍ لِلْعَالِمِينَ

*Lan ing antarane tanda-tanda kekuasaan Allah yaiku nyiptakake langit lan bumi lan bedha-bedha bahasamu lan warna kulitmu. Saktemene ana ing kang kaya ngono iku bener-bener ana tanda-tanda tumrap wong-wong kang mangerteni. (*QS. Ar Rum: 22)

Ma’asyiral Muslimin ingkang dipun muliaken Allah
Allah sampun nyiptakaken sedaya perbedaan punika kangge njalin sinergi lan kerjasama, mboten kangge saling merendahkan lan menghina. Kadhos indahing taman punika inggih awit wontenipun kembang-kembang ingkang arupi warni. Rasulullah paring pepemut babagan punika wonten ing khutbahipun ing Mina rikala dinten tasyriq :

يَا أَيُّهَا النَّاسُ أَلَا إِنَّ رَبَّكُمْ وَاحِدٌ وَإِنَّ أَبَاكُمْ وَاحِدٌ أَلَا لَا فَضْلَ لِعَرَبِيٍّ عَلَى أَعْجَمِيٍّ وَلَا لِعَجَمِيٍّ عَلَى
عَرَبِيٍّ وَلَا لِأَحْمَرَ عَلَى أَسْوَدَ وَلَا أَسْوَدَ عَلَى أَحْمَرَ إِلَّا بِالتَّقْوَى مسند أحمد

Hai menungsa, Saktemene Gusti sira iku siji, lan bapak sira uga siji, mangertio ora ana keutamaan bangsa Arab tinimbang bangsa ‘Ajam (non Arab) semana uga ora ana keutamaan bangsa ajam tinimbang bangsa Arab. Ora ana keutamaan kang

*duweni kulit abang marang kang duweni kulit ireng, utawa kang ireng marang kang abang kajaba amarga taqwane. (*HR. Ahmad)

Ma’asyiral Muslimin ingkang dipun muliaken Allah
Kanthi kita merayakan Idul fitri, wangsul dumateng fitrah menungsa, dadhos penyegaran kesadaran tumrap fitrahipun menungsa, fitrah kelahiran, nilai kemuliaan, peran lan fungsi keberadaan menungsa wonten ing dunia, Kanthi ngemban *amanah* lan *mas’uliyah* (tanggung jawab) punika, sarta kesadaran tumrap keanekaragaman lan perbedaan menungsa kangge njalin sinergi anggen makmuraken bumi, dadhosakenkebahagiaan lan kemajuan alam semesta.
Mugi-mugi kemawon syukur kita wonten ing dintenIdul fitri punika dipun tampi Allah subhanahu wa ta’ala lan dadhosaken kita wonten ing golongan ***min ibadihi-syakuur*** ing antawisipun hamba-hambaipun Allah ingkang bersyukur.
Lan kanthi landasan saha semangat syukur punika kita saged tansah makaryo langkung sae malih, beramal kanthi kualitas *ahsanu amala*. Sahingga kita pikantuk langkung kathah malih kesaenan, kanthi makaten kita saged terus menerus ngraosaken tambahan nikmat saking ngarsa dalem Allah SWT.

Ma’asyiral Muslimin ingkang dipun muliaken Allah
Minangka wusananing khutbah punika mangga kita nyuwun dhumateng ngarsa Allah Kang Maha Pengasih lan Penyayang, nyuwun kemaslahatan diri kita, keluarga, umat, bangsa, negara, supadhos saged pikantuk kehormatan lan kemuliaan ing dunia punika ugi kemuliaan wonten ing akhirat mangke.

الحَمْدُ للهِ رَبِّ العَالمِيْنَ وَلا عُدْوَانَ إلا عَلىَ الظَّالِمِيْنَ وَالصَّلاةُ وَالسَّلامُ عَلَى سَيِّدِناَ مُحَمَّدٍ سَيِّدِ المرْسَلين وَإمَامِ المتَّقِيْنَ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ أَجْمَعِيْنَ.

اللهم اغفِرْ لِلْمُسْلِمينَ وَالمسْلْماتِ والمؤمنينَ والمؤمناتِ وَاَصْلِحْ ذَاتَ بَيْنِهِمْ وَأَلِّفْ بَيْنَ قُلُوبِهِمْ وَاجْعَلْ قُلُوْبَهُمْ عَلَى قُلُوبِ خِيَارِهِمْ اللهُمَّ اغْفِرْ لأَحْيَائِنَا وَأَمْوَاتِنَا وَأَلِّفْ بَيْنَ قُلُوبِنَا وَاَصْلِحْ ذَاتَ بَيْنِنَا وَاْجعَلْ قُلُوبَنَا عَلى قُلُوْبِ خِيَارِناَ رَبَّنَا اغفِرْ لَنَا وَلِإخْوَانِنَا الَّذِينَ سَبَقُونَا بِالْإِيمَانِ وَلَا تَجْعَلْ فِي قُلُوبِنَا غِلًّا لِلَّذِينَ آمَنُوا رَبَّنَا إِنَّكَ رَءُوفٌ رَحِيم رَبَّنَا اغفِرْ لَنَا ذُنُوبَنَا وَإِسْرَافَنَا فِي أَمْرِنَا وَثَبِّتْ أَقْدَامَنَا وَانْصُرْنَا عَلَى الْقَوْمِ الْكَافِرِين

اللهمَّ انْصُرْ جُيُوسَ المسْلِمِيْنَ وَعَسَاكِرَ الموَحِّدِيْنَ وَدَمِّرْ أَعْدَاءَكَ أَعْدَاءَ الدِّينِ وَأَعْلِ كَلِمَتَكَ إلي يَوْمِ الدِّينِ اللهُمَّ انْصُرْ دُعَاتَنَا وَعُلَمَائنَاَ المظْلُومِيْنَ تَحْتَ وَطْأَةِ الظالِمين وَفِتْنَةِ الفَاسِقِينَ وَحِقْدِ الحَاقِدِيْنَ وَبُغْضِ الحَاسِدِين وَخِيَانَةِ المنَافِقِيْنَ

رَبَّنَا إِنَّنَا سَمِعْنَا مُنَادِيًا يُنَادِي لِلْإِيمَانِ أَنْ آمِنُوا بِرَبِّكُمْ فَآمَنَّا رَبَّنَا فَاغْفِرْ لَنَا ذُنُوبَنَا وَكَفِّرْ عَنَّا سَيِّئَاتِنَا وَتَوَفَّنَا مَعَ الْأَبْرَارِ رَبَّنَا وَآتِنَا مَا وَعَدْتَنَا عَلَى رُسُلِكَ وَلَا تُخْزِنَا يَوْمَ الْقِيَامَةِ إِنَّكَ لَا تُخْلِفُ الْمِيعَادَ رَبَّنَا اغْفِرْ لَنَا وَلِإِخْوَانِنَا الَّذِينَ سَبَقُونَا بِالْإِيمَانِ وَلَا تَجْعَلْ فِي قُلُوبِنَا غِلًّا لِلَّذِينَ آمَنُوا رَبَّنَا إِنَّكَ رَءُوفٌ رَحِيم رَبّنا اغْفِرْ لنا وَلِوَالِدَيْنا وَلِمَنْ دَخَلَ بَيْتِنا مُؤْمِنًا وَلِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَلَا تَزِدِ الظَّالِمِينَ إِلَّا تَبَارًا

اللَّهُمَّ اقْسِمْ لَنَا مِنْ خَشْيَتِكَ مَا تَحُولُ بِهِ بَيْنَنَا وَبَيْنَ مَعَاصِيكَ ، وَمِنْ طَاعَتِكَ مَا تُبَلِّغُنَا بِهِ جَنَّتَكَ، وَمِنَ الْيَقِينِ مَا تُهَوِّنُ بِهِ عَلَيْنَا مُصِيبَاتِ الدُّنْيَا ، وَمَتِّعْنَا بِأَسْمَاعِنَا ، وَأَبْصَارِنَا ، وَقُوَّتِنَا مَا أَحْيَيْتَنَا ، وَاجْعَلْهُ الْوَارِثَ مِنَّا ، وَاجْعَلْ ثَأْرَنَا عَلَى مَنْ ظَلَمَنَا ، وَانْصُرْنَا عَلَى مَنْ عَادَانَا ، وَلا تَجْعَلْ مُصِيبَتَنَا فِي دِينِنَا ، وَلا تَجْعَلِ الدُّنْيَا أَكْبَرَ هَمِّنَا ، وَلا مَبْلَغَ عِلْمِنَا ، وَلا تُسَلِّطْ عَلَيْنَا مَنْ لا يَرْحَمُنَا

رَبَّنَا هَبْ لَنَا مِنْ أَزْوَاجِنَا وَذُرِّيَّاتِنَا قُرَّةَ أَعْيُنٍ وَاجْعَلْنَا لِلْمُتَّقِينَ إِمَامًا . رَبَّنَا آتِنَا مِنْ لَدُنْكَ رَحْمَةً وَهَيِّئْ لَنَا مِنْ أَمْرِنَا رَشَدًا . رَبَّنَا لَا تُؤَاخِذْنَا إِنْ نَسِينَا أَوْ أَخْطَأْنَا رَبَّنَا وَلَا تَحْمِلْ عَلَيْنَا إِصْرًا كَمَا حَمَلْتَهُ عَلَى الَّذِينَ مِنْ قَبْلِنَا رَبَّنَا وَلَا تُحَمِّلْنَا مَا لَا طَاقَةَ لَنَا بِهِ وَاعْفُ عَنَّا وَاغْفِرْ لَنَا وَارْحَمْنَا أَنْتَ مَوْلَانَا فَانْصُرْنَا عَلَى الْقَوْمِ الْكَافِرِينَ

رَبَّنَا لَا تُزِغْ قُلُوبَنَا بَعْدَ إِذْ هَدَيْتَنَا وَهَبْ لَنَا مِنْ لَدُنْكَ رَحْمَةً إِنَّكَ أَنْتَ الْوَهَّابُ (8) رَبَّنَا إِنَّكَ جَامِعُ النَّاسِ لِيَوْمٍ لَا رَيْبَ فِيهِ إِنَّ اللَّهَ لَا يُخْلِفُ الْمِيعَادَ رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ

وَصَلِّ اللَّهُمَّ عَلي خَيْرِ خَلْقِكَ وَأَفْضَلِ نَبِيِّكَ مُحَمَّدٍ وَعَلي آلِهِ وَصَحْبِهِ وَسَلِّمْ تَسْلِيْمًا وَالْحَمْدُ لِلهِ رَبِّ العَالَمِيْنَ

Demikian khutbah Idul fitri hari ini, mohon maaf atas segala kekhilafan dan tutur kata yang tidak berkenan. Selamat merayakan iedul fitri 1434 H. Semoga Allah menerima amal ibadah kita semua.